# Dekouvri risk ou kapab rankontre pandan ou ap vwayaje nan lòt peyi nan zòn lan



## 1 TRAFIK AK TRÈT MOUN YO

Trafikan souvan manti sou kondisyon vwayaj, peyi destinasyon an, dokimantasyon, epi lòt bagay anko.

Sou wout la, ou ka rankontre moun ki ofri travay, ak lòt opòtinite ki ka sanble enteresan. Men, sa ka yon fason pouvwa trafike moun ak eksploate yo seksyèlman oswa nan travay la.



## 2 VYOLANS AK ZAK ABIZIV SEKSYÈL

Fanm, timoun, ak moun ki nan kominote LGTBIQA+ ka pi an danje pou yo sibi vyolans seksyèl.

Si ou se yon moun k ap viv ak vyolans sa a, ale nan sant sante pi pre ou a nan wout la pou ou jwenn enfòmasyon, **ou bezwen swen nan premye 72 èdtan apre evènman an**.

ATANSYON *__Pa gen__ moun ki ka mande w favè seksyèl an chanj pou aksè nan sèvis yo.*



## 3 EKSPLOITASYON AK FWOD

Si yon moun mande ou lajan oswa favè nan nenpòt fason an chanj enfòmasyon, aksè nan dokiman oswa nan sèvis, di **NON**!

**Tout sèvis ki bay pa òganizasyon imanitè yo gratis** ak pa gen moun ki ka mande ou peye pou enfòmasyon oswa asistans imanitè.



## 4 SEPATASYON FANMIY

Evite kite timoun, adolesan ak moun ki bezwen èd poukont yo oswa nan swen etranje.

Lè genyen yon sepatasyon, etabli yon pwen randevou ak eseye fè chak manm nan fanmi ou gen enfòmasyon sou done pèsonèl yo, dokiman yo, ak nimewo pou kontakte yo si nesesè.



UNHCR ACNUR Agência da ONU para Refugiados

Pou plis enfòmasyon, ale nan **help.unhcr.org/brazil/ht**

# Èske w te konnen vwayaj nan forè Darien an ka mete lavi w ak lavi fanmi w an danje?

## Ou ekspoze a:

- Aksidan akòz kondisyon tèren yo
- Vòl
- Ekstòsyon
- Trafik moun, enkli eksplwatasyon seksyèl ak eksplwatasyon travay
- Separasyon fanmi oswa disparisyon
- Risk pou nwaye nan kouran rivyè
- Tanperati jiska 35° C
- Fatigasyon fizik pandan travèse long ak danjere nan forè a
- Mòde oswa atak pa bèt sovaj
- Vyolans fizik oswa seksyèl

## Fè atansyon sou sitiyasyon politik ak sosyal nan chak peyi pandan ou ap vwayaje

### Pwoteje dokimantasyon ou

Eseye toujou gen avèk ou dokiman pèsonèl ou, dokiman timoun ak adolesan yo ak lòt moun ou gen responsabilite sou yo. Si ou kapab, pran yon kopi suplemantè avèk ou nan yon lòt pati nan bagay ou.

### Rete branche pou nouvo mizajou ak mezi gouvènman an

Nan ka arestasyon oswa difikilte, ou gen dwa gen yon avoka.

### Evite travèse zòn konfli yo

UNHCR
ACNUR
Agência da ONU para Refugiados

Pou plis enfòmasyon, ale nan
**help.unhcr.org/brazil/ht**